



Pou Piblikasyon Imedya: 09/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI AMELYORASYON NAN ESPAS JWÈT YO
NAN PAK ETA JONES BEACH LAN**

*Investisman total 6.6 milyon dola a gen ladan yon nouvo ti teren gòlf, teren jwèt
ki reyamenaje ak nouvo yo, ban yo, tab yo, kloti ak ekleraj*

*Li fonde sou plis pase 100 milyon dola nan pwojè pou restore Pak Eta Jones
Beach lan depi 2011*

Foto yo disponib [jis la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèyman 6.6 milyon dola nan amelyorasyon pou Pak Eta Jones Beach lan. Nan Espas Jwèt Lwès pak la, renovasyon an prezante yon nouvo ti teren gòlf, teren jwèt ki reyamenaje ak nouvo yo, nouvo ban yo, tab yo, kloti ak ekleraj yo ak amelyorasyon anplis nan sit la. Travay sa a fè pati Plan NY Parks 2020 Gouvènè a, epi li gen ladan tou 1.9 milyon dola nan Finansman Prezèvasyon Tè ak Dlo (Land and Water Conservation Funding) federal.

Espas jwèt ki nouvo ak amelyore yo gen ladan nouvo teren tenis lejè (pickball) ak jwèt mayi (cornhole) ansanm ak teren reyamenaje yo pou teren jwèt palèt ak paddle tenis.

"Jones Beach plis pase jis yon pak, se yon testaman vivan pou enjenyozite ak atraksyon piblik istorik New York ki te pote lajwa pou fanmi New York yo pandan plizyè jenerasyon", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Espas jwèt nouvo epi ki amelyore yo pral bay fanmi yo yon chans pou rilaks yo epi amize yo pandan moman ki san presedan sa yo, epi nou pral kontinye travay nou an pou rann Jones Beach yon destinasyon pasyonan pou chak Nouyòkè."

Inisyativ Parks 2020 an te bay kòm rezilta amelyorasyon peyizaj ak òtikilti nan West Bathhouse ak Espas Jwèt Lès nan The Central Mall lan pou renove gazon yo ak espas pou plante yo, plante nouvo ti pye bwa yo, zèb ònemantal yo ak plant aksè sezonye yo, epi enstale nouvo sistèm irigasyon ak elektrik.

"Angajman Gouvènè Cuomo pou Jones Beach pral benefisyon vizitè yo pandan plizyè ane ki ap vini yo", **Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare.** "Pak sa a se yon jwayo ki ap briye pi klè pase jamè."

Nan 976 ekta, Pak Eta Jones Beach lan an 1929 sou yon zile baryè ki gen plis pase nèf kilomèt plaj sab sou Oseyan Atlantik lan. Pak lan, Robert Moses te konsevwa a, te nan Rejis Nasyonal Sit Istorik yo depi 2005 epi li atire plis pase sis milyon vizitè pa ane.

Depi 2011, Pak Eta yo te konplete epi lanse plis pase 100 milyon dola nan pwojè pou restore grandè istorik Pak Eta Jones Beach la, atire nouvo vizitè epi kreye nouvo etablisman pou divètisman nan kad yon plan revitalizasyon sou plizyè ane. Pwojè yo reyalize yo gen ladan reyamenajman Konplèks West Bathhouse (West Bathhouse Complex) lan ak Field 6, restorasyon mozayik Central Mall istorik yo, nouvo lakou rekreyasyon nan Espas Jwèt Lwès (West Games Area) lan ak Zach's Bay, nouvo siyalizasyon nan antre prensipal yo, achèyman nouvo restoran Boardwalk Café a, ak yon nouvo pak WildPlay Adventure avèk tiwolyèn yo. Amelyorasyon pak yo reflete angajman NY Parks 2020 Gouvènè Cuomo pran pou fè revitalizasyon sistèm pak Eta a.

Senatè John Brooks te deklare, "Ouvèti sa a se ankò yon lòt pa enpòtan nan angajman nou pou kenbe Jones kòm jwayo sistèm pak eta New York la epi kòm premye espas destinasyon pou fanmi yo nan tout gran Eta nou an. Mwen aplodi efò Gouvènè Cuomo yo nan sipòte etablisman sa yo lè li fè amelyorasyon ki nesèsè nan espas Jones Beach yo ki te sibi anba laj, itilizasyon abizif, epi menm gwo tanpèt, sa ki asire ke tout pwochen 90 ane yo glorye menm jan ak ane avan yo".

Manm Asanble a David McDonough te deklare, "Espas jwèt Lwès ke yo apèn renove a ak anpil lòt amelyorasyon ki fèt nan West Bathhouse la se yon ajou ekstraòdinè nan sa ki deja se kouwòn Depatman Pak NYS (NYS Parks Department) lan, sa ke mwen asire ke moun pral pwofite pandan plizyè ane ki ap vini yo."

Lete pase a, [Jones Beach Shared Use Path \(Wout Miltifonksyon Jones Beach\)](#) lan te ouvri, sa ki bay yon nouvo santye lwazi ki mezire 7 kilomèt ki ofri moun k ap mache yo, patinè yo, kourè yo ak siklis yo vi sou lanmè ki espektakilè. Nouvo teren baskètbòl yo te ouvri nan Espas Jwèt Lès la ki te gen ladan nouvo ekleraj, ban yo ak fontèn pou moun bwè dlo yo.

Enfòmasyon sou Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) Eta New York

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik nan Eta New York lan sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreatif ak lansman bato, ke yon kantite rekò 77 milyon moun te vizite an 2019. Resaman, yon etid inivèsite te jwenn ke depans State Parks yo ak vizitè yo fè rapòte 5 milya dola nan pwodiksyon ak lavant, sipòte 54,000 djòb nan sektè prive an, epi plis pase 2.8 milya dola anplis pou PEB (an kreyòl, Pwodwi Enteryè Brit) Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt zòn rekreatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa vizite parks.ny.gov, konekte sou [Facebook](#), oswa swiv nou sou [Twitter](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)